

# Kòmman pou Selebri Divèsite, Ekite, Enklizyon ak Aksesibilite nan Sèvis Gadri

## Kisa Fanmi ak Pwofesyonèl yo Kapab Fè ansanm

Envite fanmi ak moun ki pi ansyen nan kominote a nan klas yo pou yo ka rakonte istwa oswa fa bki gen pou wè ak kilti yo (sa kapab fèt fas-a-fas oswa anliy).

Timoun yo ka fè teyat ak kèk kont ki popilè nan lòt kilti konsa pou yo ka aprann youn de lòt.

Fèt Anyèl nan Fanmi yo – paran/responsab legal yo ka pataje videyo kote fanmi yo ap fete ak pataje videyo tradisyon yo.

“Jou pou manje tradisyonèl” – nap bezwen èd fanmi/responsab legal. Konsa timoun yo ap ka goute manje ki soti nan lòt kilti.

## Kisa Pwofesyonèl yo ka fè

Ankouraje timoun yo pou yo pale ak ekri nan lang manman yo.

Mande timoun yo pou yo aprann kanmarad klas yo mo yo itilize pi souvan yo, salitasyon, chif, elatriye.

Anseye ak chante mizik nan lòt lang yo.

Dekouvri lòt kilti tankou ou ka fè flè ak papye fen epi chèche gen enstriman mizik, chante, dans pou w ka mete lòt kilti yo an valè.

Chèche jwèt kote ou pa p bezwen angle – tankou jwèt sosyete ki pa konplike, eksperyans atistik, jwèt blòk pou mete pil sou pil ak kastèt.

Ede timoun yo di ki sa ki fè yo espesyal.

Mete sou pye vwayaj vityèl sou teren an: peyi, mize, elt.

Aprann timoun yo li nòminal pou yo poze kesyon, aprann yo aksepte lot yo ak enpotans valè kiltirèl epi montre yo bon egzanp.

## Espas pou Gadri

Asire w aktivite ak materyèl ke w ap itilize nan espas gadri a divèsifye, egalego ak enklizif epi yo aksesib ak tout timoun, kwoke afich ak imaj epi pa bliye kreye jwèt, mete jwèt disponib ak liv tou.

Chèche mete anbyans nan konvèsasyon yo ak objè kiltirèl yo.

Chèche gen yon kat/glòb pou montre objè kiltirèl lòt peyi/kilti yo.

Kwoke foto timoun yo ak fanmi yo.

Mande fanmi yo pou yo patisipe ak foto epi fè yon ti pale sou selebrasyon fèt kiltirèl yo.

Fè kolaj foto plizyè timoun ki soti nan peyi diferan pou afiche.

Kreye yon tablo kominikasyon – yon tablo ki gen senbòl oswa foto mo oswa aksyon yo fè pi souvan yo.

